

Èske m kab vote nan Eta Florid?

- Ou kapab vote nan eleksyon 2 novanm nan si ou gen tan enskri pou w vote anvan lendi 4 oktòb 2010.
- Ou kapab enskri si ou ranpli tout kondisyon sa yo: (1) si jou eleksyon an ou gen 18 an pou pi piti; (2) si w se sitwayen Ameriken; (3) si w abite nan Eta Florid; (4) si lajistis pa deklare ou se yon moun “tèt pa byen” pou w al vote (amwenske yo te reba w dwa pou w vote ankò); epi (5) si lajistis pa t janm rekonèt ou koupab pou okenn krim (sòf si yo vin te reba w dwa pou w vote ankò).

E si m se yon etidyan?

- Ou kapab enskri pou w vote nan nenpòt adrès ou konsidere kòm kote ou rete legalman. Se kapab adrès lekòl ou oswa adrès lakay ou.

E si lajistis te kondane m pou yon krim?

- Si lajistis te deja kondane m pou yon krim nan Eta Florid, ou pa kab vote nan Florid toutotan yo pa reba w dwa pou w vote ankò.
- Si lajistis te kondane w pou yon ti enfraksyon kont lalwa, w ap kapab vote, men ou kab oblije vote pa lapòs si ou nan prizon toujou.
- Si yo te akize w pou yon krim, men yo poko jije ou oubyen yo te kite akizasyon an tonbe, w ap kapab vote nan Eta Florid.
- Si yo te kondane ou pou yon krim, nan yon lòt Eta epi yo pa t janm reba w dwa pou w vote nan Eta sa a, ou p ap kab vote nan Eta Florid, toutotan yo pa reba w dwa pou w vote nan Eta Florid oswa nan nenpòt lòt Eta.
- Si yo te kondane ou pou yon krim nan yon lòt Eta epi yo te ba w dwa pou w vote ankò nan Eta sa a, ou kapab enskri nan Eta Florid san ou pa bezwen ranpli lòt papye.
- Al sou sit sa a: <http://www.restorerights.org> pou w kab jwenn plis ransèyman sou kouman ou kab rejwenn dwa pou w vote ankò.

E si m pa gen kay pou m rete?

- Ou pa oblije gen kay pou w enskri pou vote, men fò w ka bay non yon plas kote w ap viv, se kapab nan pwent yon kafou, yon plas piblik, yon kay pou moun ki demini oswa nenpòt kote ou abitye rete. Ou dwe bay yon adrès tou, adrès la kapab adrès yon sant kominotè, yonabri pou demini, yon sant ki okipe moun ki pa gen kay oswa nenpòt kote ki dakò resevwa lèt pou wou.

ENSKRIPSYON

Kouman pou m fè enskri?

- Ou kab enskri pou w vote:
 - (1) **an pèsòn**, lè w ranpli aplikasyon pou w vote nan nenpòt nan Biwo sipèvizè eleksyon yo, oubyen nan biwo kote pou moun fè lisans chofè yo, nan ajans ki enskri moun pou yo kab vote, nan biwo rekritman pou moun ki vle antre nan lame, oubyen nan Biwo eleksyon yo;
 - (2) **pa lapòs**, lè w ranpli yon fòm enskripsyon espesyal pou voye pa lapòs epi ou voye l ale nan Biwo Sipèvizè eleksyon nan zòn ou an, oubyen nan nenpòt lòt biwo ki gen otorizasyon pou resevwa enskripsyon; oubyen tou
 - (3) **lè w al ranpli aplikasyon pou w resevwa sèvis sosyal** nan biwo kote yo okipe afè lisans chofè oubyen nan yon ajans pou Eta Florid ki bay sèvis sosyal (tankou Mediked, WIC - kupon pou bay timoun manje, epi foudstèp) oubyen sèvis pou moun ki andikape.
- Ou kab jwenn fòm espesyal pou voye pa lapòs yo nan yon

Biwo sipèvizè eleksyon, nan biwo kote yo fè lisans chofè, nan prèske tout bibliyotèk, nan tout inivèsite ak lekòl segondè, depi w rele nan biwo Sipèvizè Eleksyon an, oubyen sou sit entènèt: <http://election.dos.state.fl.us/voter-registration/voter-reg.shtml#voterApp>.

Ki dènye jou pou moun enskri?

- Ou kapab vote nan eleksyon 2 novanm nan si ou gen tan enskri pou w vote anvan lendi 4 oktòb 2010.

Si m rate dat delè a sa k ap pase?

- Ou pap kapab vote nan eleksyon 2 novanm nan, men ou kab enskri pou w vote nan lòt eleksyon k ap fèt pi devan.

E si m chanje kay oswa non mwen chanje?

- Fò w avèti sipèvizè eleksyon zòn ou an oubyen lòt moun k ap travay nan biwo enskripsyon an chak fwa ou chanje swa non ou swa adrès ou.
- Si ou chanje adrès epi ou pa t fè konnen adrès ou chanje anvan 4 oktòb, ou kapab vote jou eleksyon an nan biwo kote pou w vote nan zòn kote ou vin al rete a depi ou siyen yon afidavi pou konfime nouvo adrès ou, dapre lwa sa a nan Eta Florid: Fla. Stat § 101.045.

Kouman pou m fè konnen si m enskri?

- Sipèvizè eleksyon pou zòn ou an ap voye yon kat ba wou, nan yon espas 8 semenn, ki gen tout enfòmasyon w sou kat la pou fè w konnen ou enskri pou w kab vote. Ou kab telefone sipèvizè ki nan zòn ou an tou pou w tcheke si w enskri oswa ou kab al sou sit entènèt sa a pou w tcheke sa: <http://registration.elections.myflorida.com/>.

VOTE BONÈ, VOTE PA LAPÒS

Èske m kab vote anvan jou eleksyon an?

- Wi. Nenpòt moun ki enskri pou yo vote kapab vote anvan jou eleksyon an lè yo vote pa lapòs oswa lè y al vote nan yon biwo vòt ki ouvè anvan jou eleksyon an pou moun ki vle vote bonè.

Kouman m kab al vote bonè an pèsòn?

- Jou pou moun vote anvan jou eleksyon an se lendi 18 oktòb ak dimanch 31 oktòb. Kontakte sipèvizè eleksyon nan zòn ou pou l kab ba w orè ak adrès kote moun kab vote bonè nan zòn ou an.

Kouman m kab jwenn yon bilten vòt pou m vote pa lapòs?

- Fò w mande sipèvizè eleksyon nan zòn ou an pou l voye yon bilten espesyal pou wou pou w kab vote pa lapòs. Ou kab al nan biwo a ou menm pou w mande fòm nan, ou kab telefone pou mande fòm nan, ou kab ekri yon lèt pou fè demann nan, oubyen ou kab al sou entènèt nan sit entènèt Sipèvizè eleksyon an.

- Lè yon moun fè yon demann pou l resevwa yon fòm pou l vote pa lapòs, fò Sipèvizè eleksyon an resevwa demann sa a 6 jou anvan eleksyon an anvan 5è nan apremidi.

Kouman m ka fè konnen nan ki pwent bilten m voye pa lapòs la ye?

- Ou kab wè nan ki pwent bilten w voye pa lapòs la ye lè w telefonnen Sipèvizè eleksyon an oubyen ou kab tcheke sa sou entènèt nan adrès sa a: <http://registration.elections.myflorida.com/>

Ki dènye delè mwen geyen pou m voye bilten vòt mwen pa lapòs?

- Pou yo kapab konte bilten vòt ou a, fò Sipèvizè eleksyon an resevwa bilten an anvan 7è diswa jou eleksyon an.

Ki dat ki jou eleksyon an?

- Madi, 2 novanm

Ki lè biwo vòt yo ouvè?

- Biwo vòt yo ouvè a 7è a.m. pou 7è p.m., nan lè lokal. Se yon dwa ou genyen pou w vote depi w te deja kanpe nan liy lè biwo vòt la ap fèmen an, dapre règleman sa a: Fla. Stat. § 100.011.

Èske yo ka ban m tan nan travay mwen pou m al vote?

- Lalwa pa egzijè konpayi bay anplwaye yo lè travay pou y al vote kit y ap peye anplwaye a kit yo pap peye li, men konpayi a kab gen règleman pa li sou sa, pou pèmèt ou al vote. Mande konpayi kote w ap travay la kesyon sou sa lontan anvan jou eleksyon an.

Ki kote pou m vote?

- Jou eleksyon an, fò w al vote nan biwo vòt yo enskri w ladan an.
- Kote yo enskri w pou w al enskri a ap make nan do kat elektoral ou. Y ap voye kat sa a ba wou pa lapòs lè w enskri pou w vote.
- Si w pa gen kat ou, ou gen dwa rele Sipèvizè eleksyon pou zòn ou an pou l fè w konnen nan ki biwo vòt yo enskri w pou w al vote. Gen anpil Sipèvizè eleksyon ki pèmèt ou tcheke sou entènèt pou kab wè ki kote ou dwe al vote.

Èske m kab antre nan biwo vòt la ak afich ki ban m ide ki moun pou m vote?

- Wi. Ou kapab ale ak enfòmasyon ki ekri pou ede w vote depi se wou sèlman k ap sèvi avè yo pou w vote. Paregzanp se kapab echantiyon yon bilten vòt, yon gid pou moun ki pral vote oswa kat sa a.

E si biwo kote pou m vote a pa fasil pou m al ladan?

- Lwa Federal ak lwa Eta yo mande pou tout biwo vòt alapòtè tout moun epi fò moun ki andikape kab al ladan yo tou. Si ou remake depi anvan jou eleksyon an biwo vòt ou pa alapòtè w, avèti sipèvizè eleksyon an epi mande l pou l ranje sa pou wou.

Èske yo ka ban yon bilten vòt nan lang pa mwen?

- Gen kèk zòn nan Florid kote lalwa egzijè pou yo ede moun an Panyòl ansanm ak nan lang Seminòl yo. Gen kèk lòt kote ki ede moun nan lòt lang ki pa Angle menm lè lalwa pa egzijè yo fè sa. Kontakte sipèvizè eleksyon an davans pou w konn sa y ap mete a dispozisyon moun nan zòn kote ou ye a. Moun k ap travay nan biwo vòt kote yo gen entèprèt ki a dispozisyon ou dwe ba w sèvis sa a. Si yo ba w sèvis la, fè yo konnen ou bezwen yon moun ki pale tèt lang pou ede ou. Se dwa ou pou yo tradui tout bilten ak lòt dokiman eleksyon pou wou.
- Menm si yo pa gen moun ki pale lang ou ki la pou ede w nan biwo vòt la, ou gen dwa pou w vin ak yon entèprèt nan biwo vòt la oubyen mande nenpòt moun ou chwazi pou yo ede w nan lang ou pale a, ou kab mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la ede w, depi moun nan se pa yon moun w ap travay pou li, yon moun ki reprezante konpayi kote w ap travay oswa yon manm sendika ou ladan dapre lwa sa a: Fla. Stat. § 101.05.

E si m bezwen moun ede m anndan kote pou m vote a?

- Si w bezwen moun ede w swa poutèt ou gen andikap oubyen poutèt ou pa kab li bilten vòt la, di moun k ap travay nan biwo vòt la sa lè w rive la. Ou gen dwa pou w vote nan yon aparèy ki alapòtè w. Ou gen dwa tou pou w chwazi nenpòt moun pou

ede w pandan ou nan kabin kote pou w vote a, ou kab mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la ede w, depi moun nan se pa yon moun w ap travay pou li, yon moun ki reprezante konpayi kote w ap travay oswa yon manm sendika ou ladan dapre lwa sa a: Fla. Stat. § 101.051.

- Si w bezwen esplikasyon sou kouman pou w sèvi ak aparèy pou w vote a, mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la pou l ede w. Yo egzije moun k ap travay nan biwo vòt yo pou yo ede w nenpòt lè ou ta mande sa – menm apre ou fin antre nan kabin kote ou pral vote a. Fla. Stat. § 101.031.

IDENTIFIKASYON MOUN K AP VOTE

Èske m oblije bay idantifikasyon mwen?

- Wi. Lalwa nan Eta a egzije tout moun ki pral vote pou yo prezante yon idantifikasyon ki gen foto sou li anvan yo ba yo yon bilten vòt.

Ki kalite idantifikasyon yo asepte?

- Men ki idantifikasyon yo asepte: Lisans pou kondi machin nan Eta Florid, yon kat didantite Biwo sikilasyon bay; yon paspò ameriken; yon kat debi oswa yon kat kredi (ki gen foto w sou li); yon kat etidyan oswa yon kat militè; yon kat sant retirete bay; yon kat asosiyasyon katye; yon kat sèvis sosyal. Fla. Stat. § 101.043.
- Si kat idantifikasyon ou prezante a pa gen siyati w sou li, w ap oblije prezante yon lòt kat didantite (ki pa oblije gen foto w sou li) ki gen siyati w sou li. Fla. Stat. § 101.043.

BILTEN PWOVIZWA

Ki sa yon bilten pwovizwa ye?

- Yon bilten pwovizwa se yon bilten yo sèvi pou anrejistre vòt ou a, lè yo poko fin klè sou kalifikasyon ou pou w vote.

Èske y ap konte bilten pwovizwa m nan?

- Y ap konte bilten pwovizwa w la si otorite ki responsab eleksyon an vin reyalize apre eleksyon an ou te kalifye pou w vote epi si ou te al vote nan biwo vòt ou enskri ladan an. Yo pa konte majorite bilten pwovizwa yo, epi ou dwe sèvi ak yon bilten pwovizwa sèl lè pa gen okenn mwayen ki pou ta pèmèt ou vote sou yon bilten nòmal.

PWOBLÈM NAN BIWO VÒT LA

E si m pa sou lis non moun ki kab vote yo?

- Premyèman, mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la pou l tcheke lis la ankò epi pou l ka konfime si ou nan lokal ou dwe vote a dapre adrès ou.
- Si w nan bon kote ou ta dwe vote a men non w pa parèt sou lis la, mande yon bilten pwovizwa. Ou gen dwa pou w ranpli yon bilten vòt pwovizwa menm si non w pa sou lis moun ki kab vote yo. Sèl lè y ap konte bilten pwovizwa w la, se si ou ranpli li nan biwo ou dwe vote a dapre adrès kote ou rete a. Fla. Stat. § 101.048.

E si m al nan biwo vòt ki pa biwo vòt pa mwen?

- Ale nan biwo vòt ki biwo pa w la. Ou kab mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la pou l ede w jwenn biwo vòt kote ou enskri a. Ou kab rele sipèvizè eleksyon an tou. Fla. Stat. § 101.048
- Si ou pa ka jwenn ki kote ou enskri pou w vote, al nan biwo vòt ou panse ki kab biwo pou w vote a dapre adrès ou epi mande pou w vote ak yon bilten regilyè. Si non w pa sou lis la, epi ou panse ou nan kote ou ta dwe enskri pou w vote a, mande pou yo ba ou yon bilten pwovizwa. Ou gen dwa pou w ranpli yon bilten pwovizwa menm si ou pa fin sèten ou nan

bon biwo kote ou dwe vote a. Fla. Stat. Y ap konte bilten vòt ou a sèlman si otorite eleksyon yo detèmine ou kalifye pou w vote epi ou te vote nan biwo ou dwe vote a. Fla. Stat. § 101.048

Si gen moun ki opoze ak dwa mwen pou m vote ki sa pou m fè?

- Mande kopi pwotestasyon yo fè a ak yon kopi bilten pwovizwa a. Pwotestasyon an dwe fèt pa ekri, fò moun ki pwoteste yo prete sèman, epi yo kab prezante li jiska 30 jou anvan eleksyon an. Ou gen dwa pou w ranpli yon bilten pwovizwa menm si yo opoze a vòt ou. Y ap vin konte bilten w lan si yo vin dekouvri apre eleksyon an ou te kalifye pou w vote epi ou vote nan lokal ou te dwe vote a. Fla. Stat. § 101.111.
- Si pwotestasyon yo fè a se poutèt ou pa abite nan zòn kote biwo vòt la ye a, ou gen dwa pou w fè chanje adrès ou pou ka al vote sou yon bilten nòmal olye ou vote sou yon bilten pwovizwa.

Si yon moun eseye kraonnen m oswa anmède mwen ki sa m dwe fè?

- Mete moun k ap travay nan biwo vòt la okouran tousuit. Si se moun k ap travay nan biwo vòt la k ap ba w pwoblèm nan, mete moun k ap veye biwo vòt yo okouran, rele Sipèvizè eleksyon nan zòn ou an, telephone nan youn nan nimewo telefòn yo mete a dispozisyon moun pou rapòte pwoblèm yo, w ap jwenn nimewo sa yo pi ba a, oubyen fè yon plent sou entènèt nan adrès sa a: <http://www.votingrights.org>.

Sa k ap pase si m fè yon erè sou bilten an oubyen aparèy pou vote a pa travay byen?

- Mete moun k ap travay nan biwo vòt la okouran tousuit anvan ou vote. Si ou gate yon bilten ou gen dwa pou yo ba w jiska 2 bilten pou ranplase sa w gate yo. Si aparèy w ap vote ladan an bay pwoblèm, ou kab mande pou yo mete w sou yon lòt aparèy. Fla. Stat. § 101.5608.

Florida Division of Elections
Telefòn pou ede moun k ap vote:
(866) 308-6739

Florida Division of Elections
Nimewo telefòn pou moun yo kraonnen:
(877) 868-3737

U.S. Department of Justice:
(800) 253-3931

ACLU Voting Rights Project:
(877) 523-2792 www.votingrights.org

Voting Rights Project:
(786) 363-2729



ELEKTÈ NAN FLORIDA

KAT POU ENFÒME YO ELEKSYON 2010

ACLU se yon òganizasyon k ap travay san se pa pou enterè lajan, ki toupatou nan peyi a, epi ki gen plis pase 500,000 manm; yo la pou defann prensip libète ak egalite ki make nan Konstitisyon peyi a epi nan lwa sou dwa sivil peyi nou an. ACLU pa la pou apiye okenn kandida oswa okenn pati politik, men nou kwè pa gen okenn dwa ki pi enpòtan nan demokrasi nou an pase dwa yon moun pou l vote.

Yo fè bwochi sa a pou ede w pwoteje dwa pa wou pou w vote. Mete l sou lamèn, epi mache avè l sou wou lè w pral nan biwo eleksyon an jou eleksyon an.

Men kèk ti konsèy pou moun ki pral vote:

- Tcheke si tout bagay anfòm ak kat elektoral ou omwen 30 jou anvan jou eleksyon an.
- Vote anvan jou eleksyon an, al vote bonè oswa vote pa lapòs.
- Si ou fè plan pou w al vote nan biwo vòt la, chèche konnen nan ki biwo ou dwe vote omwen 30 jou anvan jou eleksyon an.
- Vote bonè jou eleksyon an pou evite bourara lè yo prèske fèmen.
- Vin ak yon kat didantite ki bon toujou ki gen foto w sou li epi ki gen siyati w sou li.
- Li tout esplikasyon yo bay byen li.
- Si w bezwen moun pou ede w, mande yon kout men.

